# «Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ haqqi’nda» Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Ni’zami’ (Jan’a redakciyada)

**I-bo’lim. Uli’wma bo’limi**

**1-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’ 77-statyasi’na muwapi’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Joqarg’i’ Ken’esi deputatlari’ni’n’ arasi’nan komitetler ha’m komissiyalar saylanadi’.

**2-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’ to’mendegilerden ibarat:
- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zam joybarlari’n ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ basqa da sheshimlerin islep shi’g’i’w;
- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ qarawi’na tiyisli bolg’an ma’selelerdi aldi’n ala qarap shi’g’i’w ha’m tayarlaw;
- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ ha’m Joqarg’i’ Ken’estin’ basqa da sheshimlerinin’ wori’nlani’wi’n qadag’alaw;
- ma’mleketlik turmi’sti’n’ a’hmiyetli ma’seleleri boyi’nsha sheshimlerdi islep shi’g’i’w ha’m juwmaqlardi’ ja’ne usi’ni’slardi’ tayarlaw, wolardi’n’ iske asi’wi’n qadag’alaw.

Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ wo’zlerine ju’klengen wazi’ypalardi’ atqari’w menen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’nda ni’zam shi’g’ari’w ha’kimiyati’n a’melge asi’ratug’i’n yen’ joqari’ wa’killikli ma’mleketlik uyi’m retinde na’tiyjeli jumi’s islewine ja’rdemlesedi.

**3-statya.** Komitetler ha’m komissiyalar Joqarg’i’ Ken’este woni’n’ wa’killik mu’ddetine du’ziledi.
Komitetler ha’m komissiyalardi’n’ sani’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen tasti’yi’qlanadi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi za’ru’r jag’daylarda jan’a komitetlerdi, komissiyalardi’ du’ziwi, saplasti’ri’wi’ yamasa qayta sho’lkemlestiriwi, komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ qurami’na wo’zgerisler kirgiziwi mu’mkin.

**4-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ usi’ni’si’ menen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen komitetler, komissiya basli’qlari’ ha’m ag’zalari’ qurami’nda saylanadi’. Tiyisli komitettin’, komissiyani’n’ ag’zalari’nan komitet, komissiya ma’jilisinde saylanadi’.

**5-statya.** Komitetler ha’m komissiyalar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi deputatlari’ arasi’nan ashi’q dawi’s beriw joli’ menen saylanadi’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ tapsi’ri’wi’ boyi’nsha komitet ha’m komissiyalardi’n’ basli’qlari’ komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ qurami’ boyi’nsha usi’ni’slar tayarlawi’ mu’mkin.

**6-statya.** Komitetler ha’m komissiyalardi’ du’zgende deputatlardi’n’ ka’siplik ha’m basqa da ma’pleri, wo’ndirislik ha’m turmi’sli’q ta’jriybesi, yerkli bildirilgen tilegi, deputatli’q frakciyalar ha’m bloklardag’i’ wa’killigi yesapqa ali’nadi’.

**7-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komiteti yamasa komissiyasi’ basli’g’i’ boli’p saylani’wg’a usi’ni’lg’an deputat sessiyada wo’z jumi’s bag’darlamasi’ menen so’zge shi’g’i’w huqi’qi’na iye.

**8-statya.** Komitet ha’m komissiyalardi’n’ qurami’na Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’, woni’n’ wori’nbasari’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ Basli’g’i’ saylani’wi’ mu’mkin yemes.

**9-statya.** Komitet ha’m komissiyalardi’n’ barli’q ag’zalari’ huqi’qlari’nan ten’dey paydalanadi’.
Komitetler ha’m komissiyalar qurami’na saylanbag’an Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ wolardi’n’ jumi’si’na ma’sla’ha’t dawi’si’ menen qatnasi’wg’a huqi’qli’.

**10-statya.** Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ni’n’ komitetlerdegi ha’m komissiyalardag’i’ wa’killikleri Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi wolardi’n’ wo’zlerinin’ wo’tinishi boyi’nsha, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’, komitet ha’m komissiyalari’ basli’qlari’ni’n’ usi’ni’slari’ tiykari’nda, sonday-aq wo’z wa’killiklerin atqari’wg’a tosqi’nli’q jasaytug’i’n jag’daylarg’a baylani’sli’ mu’ddetinen buri’n toqtati’li’wi’ mu’mkin.
Quramdi’ jan’alaw boyi’nsha usi’ni’slar komitetlerde dodalanadi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ kelisimi menen komitet basli’qlari’ ta’repinen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’ni’ladi’.

**11-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ qurami’na saylang’an Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetinin’ ha’m komissiyasi’ni’n’ usi’ni’si’ boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ ha’m woni’n’ komitetleri menen komissiyalari’ni’n’ tapsi’rmasi’n wori’nlaw ushi’n za’ru’r mu’ddetke, deputatli’q jumi’si’na baylani’sli’ qa’rejetlerinin’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ byudjetinen wo’teliwi menen, wo’ndirislik yamasa xi’zmet minnetlerin atqari’wdan azat yetiliwi mu’mkin.

**12-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi aldi’nda juwapkerli ha’m wog’an yesap beredi.

**13-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ qarawi’na tiyisli ma’seleler, huqi’q ha’m minnetleri, sho’lkemlestiriw ha’m jumi’s ta’rtibi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Reglamenti ha’m usi’ Ni’zam menen belgilenedi.

**14-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ wo’z jumi’si’n ja’ma’a’tlik tu’rde, ma’selelerdi yerkin dodalaw ha’m sheshiwde, ja’riyali’li’q ha’m komitet ag’zalari’ni’n’ ken’ baslamasi’ tiykari’nda ju’rgizedi.

**15-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’ 81-statyasi’na muwapi’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ jumi’si’n bag’darlaydi’ ha’m baylani’sti’radi’.

**II-bo’lim. Komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ jumi’slari’n sho’lkemlestiriw**

**16-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ jumi’slari’n wo’z rejelerine, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’, Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ni’n’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ tapsi’rmalari’ ja’ne jol-jobalari’na muwapi’q sho’lkemlestiredi.

**17-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetlerine ha’m komissiyalari’na ju’klengen wazi’ypalardi’ na’tiyjeli sheshiw maqsetinde jumi’sti’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’ boyi’nsha wo’z qurami’nan tayarlaw komissiyalari’n du’ziwi mu’mkin.

**18-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ qarap shi’g’i’wi’na tiyisli bolg’an ma’selelerdi tayarlaw ja’ne teren’ islep shi’g’i’w ushi’n wo’z jumi’si’na Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ qurami’na kirmeytug’i’n Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’n tarti’wg’a ha’m wolar menen bir qatarda ministrliklerdin’, basqa da ma’mleketlik uyi’mlardi’n’ wa’killikleri, ilimpazlar qa’nigeler kiretug’i’n jumi’sshi’ toparlardi’ du’ziwge haqi’li’. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ birlesken jumi’sshi’ toparlari’n du’ziwi mu’mkin. Jumi’sshi’ toparlar qurami’nda islegen waqti’nda qa’nigeler ha’m ilimpazlarg’a ha’rekettegi ni’zamlarg’a muwapi’q tiykarg’i’ jumi’s worni’nda wortasha is haqi’si’ saqlani’p qaladi’.

**19-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ wolardi’n’ qarawi’na tiyisli ma’selelerdi qarap shi’g’i’wda ten’ huqi’qlardan paydalanadi’ ha’m ten’dey minnetli boladi’.

**20-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ ag’zalari’ komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ jumi’si’na qatnasi’wg’a, wolardi’n’ sheshimlerin turmi’sqa asi’ri’wda birge ha’reket yetiwge, komitetlerdin’, komissiyalardi’n’ ha’m wolardi’n’ basli’qlari’ni’n’ tapsi’rmalari’n wori’nlawg’a minnetli.

**21-statya.** Komitet ha’m komissiya ag’zasi’ komitet ha’m komissiya ta’repinen qarap shi’g’i’li’p ati’rg’an barli’q ma’seleler boyi’nsha sheshiwshi dawi’s huqi’qi’nan paydalanadi’, qa’legen ma’sele ha’m usi’ni’si’n komitetin’ ha’m komissiyani’n’ qarap shi’g’i’wi’na usi’ni’wg’a, wolardi’ tayarlaw, dodalaw ha’m sheshim qabi’llawda, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ qararlari’n wori’nlawdi’ sho’lkemlestiriwde qatnasi’wg’a haqi’li’.
Komitet ha’m komissiya ag’zasi’ni’n’ komitet ha’m komissiya qollap-quwatlawi’n tappag’an usi’ni’si’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’na, Joqarg’i’ Ken’eske usi’ni’li’wi’ mu’mkin.

**22-statya.** Komitet ha’m komissiya ag’zasi’na komitet ha’m komissiya qarap shi’g’i’p ati’rg’an barli’q ma’selelerdin’ sheshiminde qatnasi’wi’ ushi’n jag’daylar ta’miyinlenedi, buni’n’ ushi’n wog’an za’ru’rli materiallar aldi’n ala jiberiledi.

**23-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ ag’zalari’ komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ tapsi’rmasi’ yamasa wo’zinin’ jeke baslamasi’ menen wolarda ma’selelerdi u’yrenedi, ma’mleketlik, ja’miyetlik uyi’mlardi’n’ ha’m sho’lkemlerdin’, sonday-aq puqaralardi’n’ usi’ni’slari’n uli’wmalasti’radi’ ha’m wo’zinin’ juwmaqlari’n ha’m usi’ni’slari’n komitetlerge ha’m komissiyalarg’a ma’lim yetedi.

**24-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ wo’z ma’jilislerin za’ru’rlikke qaray shaqi’radi’ ha’m wo’tkeredi.

**25-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ ma’jilisleri yeger wolarda komitet ha’m komissiya qurami’nan kem degende yari’mi’ qatnassa, toli’q huqi’qli’ boladi’. Komitet ha’m komissiya ag’zasi’ ma’jiliske kele almaytug’i’n jag’daylarda bul haqqi’nda komitet ha’m komissiya basli’g’i’na xabar beredi.

**26-statya.** Bir neshe komitetler ha’m komissiyalardi’n’ qarap shi’g’i’wi’na tiyisli bolg’an ma’seleler komitetler ha’m komissiyalar ta’repinen birgelikte tayarlani’wi’ ha’m qarap shi’g’i’li’wi’ mu’mkin.
Komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ birliktegi ma’jilislerin wolardi’n’ basli’qlari’ wo’z-ara kelisim boyi’nsha ali’p baradi’.
Komitettin’ ha’m komissiyani’n’ qarap shi’g’i’wi’na tiyisli bolg’an ma’seleler boyi’nsha wolar basqa da komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ pikirlerin ali’wlari’ mu’mkin.

**27-statya.** Komitetler ha’m komissiyalar ta’repinen qabi’l yetilgen sheshimler tiyisli ma’mleketlik uyi’mlarg’a, ja’miyetlik birlespelerge ha’m basqa da tiyisli sho’lkemlerge jiberiledi.

**28-statya.** Ma’mleketlik uyi’mlar, ja’miyetlik birlespeler, basqa da sho’lkemler wo’zlerine tiyisli Joqarg’i’ Ken’es komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ sheshimlerin minnetli tu’rde qarap shi’g’i’wi’ tiyis.

**29-statya.** Komitetler ha’m komissiyalar qaralg’an ma’seleler boyi’nsha sheshimler, juwmaqlar qabi’llaydi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinde ha’m komissiyalari’nda barli’q ma’seleler wolardi’n’ ag’zalari’ni’n’ ko’pshilik dawi’si’ menen sheshiledi.
Komitetler ha’m komissiyalar ma’jilisti birlikte wo’tkergende sheshim ha’r bir komitet ha’m komissiya ag’zalari’ni’n’ ko’pshilik dawi’si’ menen qabi’llanadi’.

**30-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ ma’jilisleri ashi’q tu’rde wo’tkeriledi.
Ma’jilislerge ma’sla’ha’t dawi’si’ huqi’qi’ menen qatnasi’wg’a ma’mleketlik uyi’mlardi’n’ ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ wa’killeri, qa’nigeler ha’m ilimpazlar mira’t yetiliwi mu’mkin.
Za’ru’r jag’daylarda komitetler ha’m komissiyalar jabi’q tu’rde ma’jilis wo’tkeriw huqi’qi’nda sheshim qabi’llaydi’.

**31-statya.** Komitet ha’m komissiya basli’g’i’:
- za’ru’r materiallardi’ tayarlawdi’ sho’lkemlestiredi, komitet ha’m komissiya ma’jilislerin shaqi’radi’ ha’m wolarg’a basshi’li’q yetedi;
- komitet ha’m komissiya ag’zalari’na tapsi’rmalar beredi, wolarg’a komitet ha’m komissiya jumi’si’ menen baylani’sli’ materiallardi’ ha’m hu’jjetlerdi jiberedi;
- komitet ha’m komissiya ag’zalari’n tayarlaw komissiyalari’ ha’m jumi’sshi’ toparlardi’n’ jumi’si’na qatnasi’w, basqa da tapsi’rmalari’n wori’nlaw ushi’n shaqi’radi’;
- komitettin’ ha’m komissiyani’n’ jumi’si’na qatnasi’w ushi’n ma’mleketlik uyi’mlardi’n’ ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ wa’killerin, qa’nigelerdi,

ilimpazlardi’ mira’t yetedi;
- ma’mleketlik uyi’mlardan ha’m basqa da ja’miyetlik sho’lkemlerden za’ru’r materiallardi’, mag’li’wmat ha’m ma’limlemelerdi sorap aladi’;
- komitet ha’m komissiya sheshimlerinin’ wori’nlani’wi’ boyi’nsha jumi’slardi’ sho’lkemlestiredi;
- Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’na, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine ha’m woni’n’ Prezidiumi’na wolardi’n’ tapsi’rmalari’ni’n’ wori’nlani’wi’ haqqi’nda ma’limleydi;
- komitet ha’m komissiya ag’zalari’na qabi’l yetilgen sheshimlerdin’ wori’nlani’wi’ ha’m wolardi’n’ ma’sla’ha’tlerinin’ qarap shi’g’i’lg’ani’ haqqi’nda ma’limleme beredi;
- komitettin’ ha’m komissiyani’n’ qarawi’na tiyisli ma’seleler boyi’nsha yetken sheshimlerdin’ barli’q ma’mleketlik sho’lkemler ja’ne ma’kemeler, lawazi’mli’ adamlar ta’repinen wori’nlani’wi’n qadag’alaydi’.

**32-statya.** Komitet ha’m komissiya basli’g’i’ni’n’ wori’nbasari’ basli’qti’n’ tapsi’rmasi’ boyi’nsha woni’n’ ayi’ri’m wazi’ypalari’n atqaradi’ ha’m basli’q bolmag’an yamasa wol wo’z minnetlerin atqara almaytug’i’n jag’daylarda woni’n’ wazi’ypasi’n atqaradi’.
**33-statya.** Komitet ha’m komissiya xatkeri:
- komitettin’ ha’m komissiyani’n’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ tiyisli bo’limleri menen na’tiyjeli islesiwin ta’miyinleytug’i’n bag’darlawshi’ jumi’slardi’ a’melge asi’radi’;
komitettin’ ha’m komissiyani’n’ jumi’s rejesi joybari’n tayarlaydi’;
oni’n’ wori’nlani’wi’n qadag’alawdi’ a’melge asi’radi’;
- komitettin’ ha’m komissiyani’n’ jumi’slari’n ha’m is ju’rgiziwdi sho’lkemlestiredi.

**34-statya.** Komitettin’ ha’m komissiyani’n’ sheshim, juwmaq ha’m protokollari’na komitet ha’m komissiya basli’g’i’ qol qoyadi’.
Komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ birgelikte qabi’llag’an sheshimleri ha’m juwmaqlari’na wolardi’n’ basli’qlari’ qol qoyadi’.

**35-statya.** Joqarg’i’ Ken’estin’, woni’n’ Basli’g’i’ni’n’, Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ni’n’ tapsi’rmasi’ boyi’nsha komitetler ha’m komissiyalar Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ni’n’ usi’ni’slari’, si’n pikirleri ha’m talaplari’ni’n’ iske asi’ri’li’wi’n qadag’alap baradi’.

**III–bo’lim. Komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ huqi’qlari’ menen minnetleri**

**36-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri menen komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’ni’n’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ basqa da aktlerinin’ joybarlari’n Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’nadi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ tapsi’ri’wi’ boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’ni’n’ qarar joybarlari’n tayarlawg’a qatnasadi’.

**37-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zam joybarlari’n ha’m ma’mleketlik turmi’sti’n’ basqa da yen’ a’hmiyetli ma’selelerin xali’qli’q dodalawg’a shi’g’ari’w haqqi’nda Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’na usi’ni’s yetiwge haqi’li’.
Dodalawlar dawami’nda puqaralardi’n’, miynet ja’ma’a’tleri, ma’keme ha’m sho’lkemlerden ni’zam joybarlari’ ha’m basqa da ma’seleler boyi’nsha kelip tu’sken usi’ni’slar ha’rekettegi ni’zamlarda belgilengen ta’rtipte qarap shi’g’i’ladi’ ha’m uli’wmalasti’ri’ladi’.

**38-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi sessiyalari’ni’n’ ku’n ta’rtibi boyi’nsha usi’ni’slar beredi, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ tapsi’ri’wi’ boyi’nsha ni’zam joybarlari’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ basqa da aktleri boyi’nsha, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi, Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ ha’m Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ ta’repinen lawazi’mli’ adamlardi’ saylaw, tayi’nlaw, tasti’yi’qlaw boyi’nsha juwmaqlar beredi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine usi’ni’lg’an ma’seleler boyi’nsha bayanatshi’ yamasa qosi’msha bayanatshi’lardi’ belgileydi.
Komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ birlikte tayarlag’an ma’seleleri boyi’nsha wolar birliktegi bayanatlar ha’m qosi’msha bayanatlar menen shi’g’i’wi’ yamasa wo’z yeskertiwlerin ha’m usi’ni’slari’n jeke-jeke bildiriwi mu’mkin.

**39-statya.** Komitetler ha’m komissiyalar wo’z wa’killigine kiretug’i’n ma’seleler boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’na, Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’na, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi ta’repinen du’ziletug’i’n yamasa saylanatug’i’n basqa da uyi’mlardi’n’ basshi’lari’na, sonday-aq Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ aymag’i’nda jaylasqan birlespeler, ka’rxanalar, ma’kemeler, sho’lkemlerdin’ basshi’lari’na soraw menen mu’raja’a’t yetiw huqi’qi’na iye.

**40-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ kelisimi menen wo’zlerinin’ biyligine berilgen ma’seleler boyi’nsha ma’mleketlik uyi’mlardan ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerden, lawazi’mli’ adamlardan hu’jjetler, jazba juwmaqlar, yesap beriw mag’li’wmatlari’, basqa da materiallardi’ usi’ni’wdi’ talap yetiwge haqi’li’.
Barli’q ma’mleketlik uyi’mlar ha’m ja’miyetlik sho’lkemler, lawazi’mli’ adamlar komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ talaplari’n wori’nlawg’a, wolarg’a za’ru’r materiallar ha’m hu’jjetlerdi usi’ni’wg’a minnetli.

**41-statya.** Ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik uyi’mlardi’n’ basshi’lari’, basqa da lawazi’mli’ adamlar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetlerine ha’m komissiyalari’na duri’s yemes ma’limleme bergeni ushi’n, ya bolmasa ma’limlemeni qastan jasi’rg’ani’ ushi’n ha’rekettegi ni’zamlar tiykari’nda juwapkershilikke tarti’ladi’.

**42-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ kelisimi menen, wo’z biyligindegi ma’seleleri boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ hu’kimetine usi’ni’slar menen shi’g’i’wg’a haqi’li’.

**43-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ wo’z ma’jilislerine Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esinin’ ag’zalari’n, rayon ha’m qala ha’kimlerin, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ministrlikleri, ma’mleketlik komitetlerinin’ basshi’lari’n, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ aymag’i’nda jaylasqan Wo’zbekstan Respublikasi’ bag’i’ni’wi’ndag’i’ ka’rxana ha’m ma’kemelerdin’ basshi’lari’n mira’t yetiw, wolardi’n’ Wo’zbekstan Respublikasi’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zamlari’n, basqa da aktlerin wori’nlaw haqqi’ndag’i’ ma’limlemelerin ti’n’law huqi’qi’na iye.
Atap ko’rsetilgen uyi’mlar ha’m sho’lkemlerdin’ basshi’lari’ yamasa wa’killeri komitetlerdin’ usi’ni’si’ boyi’nsha komitet ha’m komissiya ma’jilislerine keliwge ha’m qarap shi’g’i’li’p ati’rg’an ma’seleler boyi’nsha tu’sinik beriwge minnetli.
Komitetler ha’m komissiyalar ko’riletug’i’n ma’seleler haqqi’nda tiyisli uyi’mlar ha’m sho’lkemlerdi aldi’n ala xabarlandi’radi’.

**44-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ usi’ni’s ha’m juwmaqlari’ Qaraqalpaqstan

Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’na beriledi.

**45-statya**. Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ sheshim ha’m juwmaqlari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik uyi’mlari’ ha’m ja’miyetlik sho’lkemleri ta’repinen minnetli tu’rde qarap shi’g’i’li’wi’ tiyis. Qarap shi’g’i’wdi’n’ juwmaqlari’ yamasa ko’rilgen ila’jlar haqqi’ndag’i’ sheshimde basqa da mu’ddet belgilenbegen bolsa, bir ay mu’ddet ishinde komitetler ha’m komissiyalar xabarlandi’ri’li’wi’ sha’rt.

**IV-bo’lim. Komitetler ha’m komissiyalar jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ bag’darlari’**

**46-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Konstituciyasi’ni’n’ 77-statyasi’na muwapi’q Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zam joybarlari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ tiyisli komitetleri ha’m komissiyalari’nda ja’ne Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Prezidiumi’nda aldi’n ala dodalang’annan keyin qabi’llanadi’. Ni’zamlardi’ tayarlaw, qabi’l yetiw, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetlerinin’ ha’m komissiyalari’ni’n’ bul ma’selelerde qatnasi’w ta’rtibi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Reglamenti ha’m usi’ Ni’zam menen belgilenedi.

**47-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’, Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ni’n’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ tapsi’rmasi’ yamasa wo’z baslamasi’ menen komitetlerdin’ ha’m komissiyalardi’n’ qarawi’na tiyisli ma’seleler boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zam joybarlari’n, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ basqa da sheshimlerin islep shi’g’adi’, ni’zamlardi’ jetilistiriwge baylani’sli’ ma’selelerdi tayarlaydi’.

**48-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ ma’mleketlik, xojali’q, socialli’q ha’m ma’deniy quri’li’sti’n’ tiyisli tarmaqlari’ni’n’ jag’dayi’ ja’ne rawajlani’wi’ haqqi’ndag’i’ ma’selelerdi aldi’n ala qarap shi’g’adi’.

**49-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esine kelip tu’sken ni’zam joybarlari’ yamasa ni’zam shi’g’ari’w usi’ni’slari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Basli’g’i’ ta’repinen aldi’n ala qarap shi’g’i’w ha’m wol u’stinde jumi’s ali’p bari’w ushi’n Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ tiyisli komitetlerine ha’m komissiyalari’na, soni’n’ menen birge jiberiledi. Joqarg’i’ Ken’es Basli’g’i’ ni’zam joybari’n ha’m basqa da ma’selelerdin’ joybari’n tayarlaw boyi’nsha bas komitetti ha’m komissiyani’ belgileydi.

**50-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zam joybarlari’ yamasa ni’zam shi’g’ari’w usi’ni’slari’ wolardi’n’ tiykarlang’an za’ru’rligi, maqsetlerdin’ teren’ si’patlamasi’, ni’zamlardi’n’ aldi’na qoyi’lg’an ma’seleler ja’ne wolardi’n’ tiykarg’i’ rejeleri ha’m ha’rekettegi ni’zamlar sistemasi’ndag’i’ worni’, sonday-aq wolardi’ qollani’wdan ku’tiletug’i’n socialli’q-ekonomikali’q aqi’betler menen qosa beriledi. Soni’n’ menen birge ni’zam joybari’n tayarlawda qatnasqan ja’ma’a’tler ha’m jeke adamlar ko’rsetiledi. Qollani’w ma’sla’ha’t yetiliwi qosi’msha materialli’q ha’m basqa da qa’rejetlerdi talap yetetug’i’n joybarlardi’ usi’ng’anda, woni’n’ finansli’q-ekonomikali’q tiykarlari’ qosa beriledi.

**51-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ ni’zam joybarlari’n yamasa ni’zam shi’g’ari’w usi’ni’slari’n qarap shi’g’i’w ta’rtibi tiyisli komitetler ha’m komissiyalar ta’repinen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Reglamentine muwapi’q wo’z betinshe belgilenedi.

**52-statya.** Deputatli’q tayarlaw komissiyasi’ yamasa jumi’sshi’ topar usi’ ni’zam joybari’ yamasa ni’zam shi’g’ari’w usi’ni’si’ boyi’nsha bas komitet yamasa komissiyani’n’ kelisimi menen tiyisli ha’kimiyatlarda, miynet ja’ma’a’tlerinde, ilimiy ma’kemelerde, ja’miyetlik sho’lkemlerde, puqaralardi’n’ wo’zin-o’zi basqari’w uyi’mlari’nda tayarlani’p ati’rg’an ni’zam joybari’ni’n’ aldi’n ala dodalawlari’n wo’tkeriw boyi’nsha sheshim qabi’l yetiwge haqi’li’.

**53-statya.** Ni’zam joybari’n dodalawlardi’n’ bari’si’nda kelip tu’sken yeskertiwler ha’m usi’ni’slar, deputatli’q tayarlaw toparlari’ jumi’si’ni’n’ juwmaqlari’ boyi’nsha bayanati’ bas komitettin’ ha’m komissiyani’n’ ma’jilislerinde qarap shi’g’i’ladi’.

**54-statya.** Ni’zam joybarlari’ za’ru’r jag’daylarda ilimiy ekspertizag’a jiberiledi, wolar boyi’nsha Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Ministrler Ken’esi, ministrlikler, ma’mleketlik uyi’mlardi’n’ ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’, sonday-aq ilimpazlardi’n’ ha’m qa’nigelerdin’ pikirleri sorali’wi’ mu’mkin.

**55-statya.** Komitetler ha’m komissiyalar wolardi’n’ u’yrenip shi’g’i’wi’ ushi’n berilgen ni’zam joybarlari’ni’n’ aldi’n ala qarap shi’g’i’li’wi’ na’tiyjeleri haqqi’nda wo’z juwmaqlari’n Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Prezidiumi’na usi’nadi’. Juwmaqta Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ ni’zam joybari’n Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ gezektegi sessiyasi’ni’n’ ku’n ta’rtibine qoyi’w, ni’zam joybari’n biykarlaw, ni’zam joybari’ u’stinde usi’ yaki basqa quramda jumi’s islewdi dawam yetiw haqqi’nda usi’ni’s boli’wi’ tiyis.

**56-statya.** Ni’zam joybari’n Joqarg’i’ Ken’es sessiyasi’nda dodalaw waqti’nda ni’zam joybari’n tayarlag’an bas komitet ha’m komissiya bayanat penen, al basqalari’ qosi’msha bayanat penen shi’g’adi’.

**57-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ni’n’ usi’ni’slari’ boyi’nsha pikir ha’m yeskertiwlerin bildiredi.

**58-statya.** Komitetler ha’m komissiyalar Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ jibergen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ byudjetinin’ joybarlari’n, woni’n’ wori’nlani’wi’ boyi’nsha yesaplardi’, ekonomikali’q ha’m socialli’q rawajlandi’ri’wdi’n’ yen’ a’hmiyetli bag’darlamalari’ joybarlari’n aldi’n ala qarap shi’g’adi’ ha’m wolar boyi’nsha wo’z juwmaqlari’n tayarlaydi’.

**59-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ usi’ Ni’zamni’n’ 58-statyasi’nda bayan yetilgen juwmaqlari’n, usi’ni’s ha’m yeskertiwlerin tiyisli komitetke Joqarg’i’ Ken’es sessiyasi’nan kem degende yeki ha’pte buri’n ma’limlewi tiyis.
**60-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’, Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’ni’n’, Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi Basli’g’i’ni’n’ tapsi’rmasi’ menen Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi sessiyalari’nda Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ni’n’ bildirgen usi’ni’slari’, kritikali’q yeskertiwler ha’m talapnamalari’ni’n’ wori’nlani’wi’n qadag’alaydi’.

**61-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ komitetleri ha’m komissiyalari’ Joqarg’i’ Ken’es Prezidiumi’na Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Prezidiumi’na Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi jumi’si’ni’n’ ayi’ri’m ma’seleleri boyi’nsha yesap beriwin Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinde ti’n’law haqqi’nda usi’ni’s yetiwi mu’mkin.
**62-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Mandat komissiyasi’ Joqarg’i’ Ken’es deputatlari’ni’n’ wa’killigin tekseriwi ha’m wolardi’n’ wa’killigin moyi’nlaw boyi’nsha, al saylaw haqqi’ndag’i’ ni’zamni’n’ buzi’li’wi’ jag’daylari’nda ayi’ri’m deputatlardi’n’ saylani’wi’n biykar yetiw haqqi’nda Joqarg’i’ Ken’este qarap shi’g’i’wg’a usi’ni’slar beredi. Deputatli’q qol qati’lmasli’qqa ha’m deputatli’q basqa da kepilliklerine yamasa saylawshi’lar ta’repinen deputatti’n’ shaqi’ri’p ali’ni’wi’, sonday-aq deputatti’n’ wa’killiginin’ mu’ddetinen buri’n toqtati’li’wi’na baylani’sli’ ma’seleler boyi’nsha juwmaq tayarlaydi’. Joqarg’i’ Ken’estin’ tapsi’rmasi’ menen Joqarg’i’ Ken’estin’ deputatlari’ni’n’ wazi’ypalari’n atqari’w

boyi’nsha xi’zmetin tekseredi ha’m bul ma’seleler boyi’nsha mag’li’wmatlardi’ Joqarg’i’ Ken’estin’ qarap shi’g’i’wi’na usi’nadi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Reglament ha’m deputatli’q a’deplilik ma’seleleri komissiyasi’ Joqarg’i’ Ken’estin’ tapsi’rmasi’ boyi’nsha deputatli’q a’depliliktin’ buzi’li’wi’na, deputatti’n’ abi’rayi’n ha’m nami’si’n qorg’awg’a baylani’sli’ ma’selelerdi qarap shi’g’adi’.
Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Reglament ha’m deputatli’q a’deplilik ma’seleleri komissiyasi’ islep ati’rg’an jumi’slari’ haqqi’nda ha’r ji’lda Joqarg’i’ Ken’eske mag’li’wmat beredi.

**V-bo’lim. Juwmaqlawshi’ rejeler**

**63-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ wo’z jumi’si’n ja’riyali’ tu’rde a’melge asi’radi’.
Komitetlerdin’, komissiyalardi’n’, tayarlaw komissiyalari’ni’n’, jumi’sshi’ toparlardi’n’ ma’jilislerine g’alaba xabar qurallari’ni’n’ wa’killeri mira’t yetiliwi mu’mkin.
Komitetler ha’m komissiyalar jumi’slari’ haqqi’nda ma’limlemeler g’alaba xabar qurallari’ arqali’ beriledi.

**64-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esi komitetleri ha’m komissiyalari’ni’n’ jumi’slari’n sho’lkemlestiriw, texnikali’q ha’m basqa da xi’zmetler ko’rsetiwi Qaraqalpaqstan Respublikasi’ Joqarg’i’ Ken’esinin’ Sekretariati’ ta’repinen ta’miyinlenedi.

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- ⌂
- 品
- ✉

Vazirlar Kengashi Statistik va tahliliy ma'lumotlar Vazirliklar va idoralar Shahar va tuman hokimliklari Hujjatlar Respublika mehmonlariga Elektron hukumat Interaktiv davlat xizmatlar